# CHII
# CHINONZI KUDZIVIRWA KWEMBEU UYE MBEU DZINODZIVIRIRWA?

Mutemo uyu unochengetedza muuchiki wemhando itsva yembeu, ruchengetedzo urwu runoita kuti muuchiki uyu ave muridzi wemhando iyi yembeu izvo zvinoita kuti awane mari kubva kune upi neupi anoda kuishandisa. Kodzero iyi inopiwa muuchiki wembeu inonzi *Plant Breeder's Right* (PBR) pachirungu. Mhando itsva semuenzaniso mbeu yechibage yakauchikwa *'hybrid seed maize'* imbeu inozivikanwa zvakare kuti yakadzivirirwa *'protected variety'* pachirungu.

Mutemo uyu (PBR) unochengetedzawo chero mbeu dzakachengetedzwa papurazi. Izvi zvinoreva kuti varimi havabvumidzwi kuchinjana kana kupanana kana kutengesa mhando dzembeu idzi dzakachengetedzwa vasina kubhadhara muuchiki. Mbeu itsva dzinenge dzichitofanirwa kutengwa mwaka woga woga wekurima.

Asi mbeu inonzi yawanikwa kana kuumbwa nemuuchiki inenge yabva pamunda wemurimi. Naizvozvo kodzero iyi inorwisana nekodzero remurimi.

Kana varimi vave kugara vachitenga mbeu mwaka woga woga, zvinobva zvareva kuti vanenge vasisagoni kurima mhando dzembeu dzavanoda kunze kwekurima dzavanotenga kubva kumakambani zvinoreva kurasa kodzero yavo yembeu uye huhwandu hwadzo. Vanenge vasisiri vauchiki vembeu asi kuti vanenge vava kurima nekutenga mbeu dzinenge dzakauchikwa dzotengeswa kwavari kubva kumakambani.

african centre for biodiversity
www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

duducoelho.com